**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI**

***Berdaq atindag’i Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti***

**Qaraqalpaq filologiyasi fakulteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi**

**Ha’zirgi qaraqalpaq tili.So’z jasaliw.Morfologiya pa’ninen**

# Referat

**Tema:** Ko’rkem shig’armalarda ha’reket ati feyilinin’ qollaniliwi


***Orinlag’an:*** **Utegenova A.**

Qabıllag`an: Seytnazarova İ.


**No’kis 2014**

# Tema:Ko’rkem shig’armalarda ha’reket ati feyilinin’ qollaniliwi

**Joba:**

Kirisiw.

1. Ha’reket ati feyil haqqinda tu’sinik

2. Ha’reket ati feyilinin’ ko’rkem shig’armalarda keliwi.

Juwmaqlaw

Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi.

# Kirisiw

Bul so'z etpekshi bolg'an temamiz ha'reket ati feyili ha'm onin' ko'rkem shig'armalarda qollaniliwi bolip tabiladi. Ha'reket ati feyili ken' ja'miyetshilikke tanimali so'zlerden esaplanadi. Bul tememizda temamizdin' a'hmeyetli ta'repleri aship beriledi ha'm ha'mmege bildiriledi. Sol ta'repten de bul temani o'zlestiriw ha'm u'yreniw actual ma'selelerden biri bolip esaplanadi.

Ha'r bir temani u'yreniw u'lken mashaqatti talap etiw menen birge izleniwdi de talap etedi. Demek bul temenin' u'yreniw a'hemiyeti ju'da' u'lken bolip tabiladi. Jurtimiz g'a'resizlikke eriskennen son' ilip-pa'nge bolg'an itibar barg'an sayin artip barmaqta. Sol tiykarda tilge u'lken itibar qaratilmaqta. Ha'r bir temeni shuqir teren' u'yreniw isleri alip barilmaqta. H'areket ati feyilinin' de izertleniw isleri alip barilmaqta. Demek ha'r bir temenin' u'yreniw za'ru'rligi usilarda kelip shig'adi.

Jumisimizdin' maqseti ha'm waziypasi ha'reket ati feyil ha'm onin' ko'rkem shig'armalarda ken' qollaniliwin u'yrenip shig'iw esaplanadi. Ha'reket ati feyili ko'rkem shig'armalarda ken' qollanilip otirati. Sonliqtan da onin' a'hemiyeti ju'da' u'lken bolip tabiladi. Ha'reket ati feyili eki so'z shaqabinan yag'niy atliq so'z shaqabi ha'm feyil so'z shaqabi ma'nisinde keledi. Sonliqtan da bul tema u'lken temalardan

bolip tabiladi. Demek waziypa ha’m maqsetimiz usilardan ibarat.

Jumisimizdin’ tiykarg’i bag’dari ha’reket ati feyilinin’ ko’rkem shig’armalarda qollaniliwi bolip tabiladi. Bul ha’reket ati feyili boyinsha B.Qutlimuratovtin’ bir qansha miynetleri bar blip tabiladi. H’areket ati feyili boyinsha ko’p g’ana izleniwler alip barg’an. H’areket ati feyili birden payda bolip qalg’an so’zler emes, al aldinnan belgili bolg’an so’zler bolip, olar ken’ ja’miyetshilikke ma’lim so’;zler bolip tabiladi. Bul so’zlerdin’ tu’rli shig’armalarda stillik jaqtan duris ha’m orinli qollaniliwi ilimiy jan’aliqlarimizdin’ bir bo’legi bolip tabiladi.

# I. Ha’reket ati feyili haqqinda tu’sinik.

Ha’reket ati feyili semantikaliq jaqtaneki so’z shaqabi feyil ha’m atliq so’z shaqablarinin’ ma’nilerine barabar keledi. Onin’ feyillik ma’nisi basqa feyil so’zler siyaqli, is-ha’reket protsessin yamasa halatin bildirip, bolimli ha’m bolimsiz formalari da qollaniladi. Basqa feyil so’zler siyaqli atliq so’zlerdi basqarip, feyil so’z dizbegin du’zedi. Atawish so’zlerge jaqinliq jag’i, ol atliq so’zler siyaqli seplik, ko’plik ha’m tartim affiksleri menen o’zgerip, substantivlik qa’siyetke iye boladi. Atliq so’zler ga’pte qanday sintaksislik xizmet atqarsa, bular da sol xizmetti atqaradi. Usi jaqlari esapqa alinip, qaraqalpaq tilinde bul feyil atawish feyil dep te ataladi.

H’areket atinin’ substantive formasi, tiykarinan, so’z jasawshi iw / i’w / w , maq / mek, (paq / pek, baq / bek, ) gi / g’i’, (qi’ /ki ) i’s / is / s ha’m g’anliq / genlik, tug’inliq / jaqliq, ( a / e ) siyaqli qosimta formalari menen jasaladi. Bul feyil formalari so’z jasaw uqiplilig’i , qollaniliwi, ma’nisi jag’inan ha’r qaysisi o’zine ta’n o’zgeshelikleri menen bir-birinen ayrilip turadi.

Ha’reket ati feyilinin’ -i’w / iw, (-maw / mew) afiksi ha’zirgi qipshaq tillerinde, sonin’ biri qaraqalpaq tilinde en’ o’nimli afiksi bolip esaplanadi. Ha’reket atinin’ -i’w / iw –w, bolimsiz formasi -maw / mew afiksleri feyildin’ barliq tu’bir ha’m do’rendi tu’bir formalarina jalg’anip, ha’reket ati

feyilin jasaydi: bariw, keliw, islew, juwiniw, kiyiniw, aziqlaniw, jasiriw, ku'lisiw, julqilaw, iytermelew, almaw, bermew, barmaw, so'ylemew t.b.

Ha'reket atinin' i'/i, w afiksi ataw formasinda kelgende , ha'reket ati ma'nisindegi is-ha'reketti bildiredi. Bunday jag'dayda ha'reket ati feyili ga'pte subektlik ha'm atributivlik xizmetlerdi atqaradi.

Misal:

Bunnan tag'i dabir neshe mayda salmalar alinip, ko'p jerlerdi suwg'ariw isi ko'zde tutilg'an.

Bul qosimtalar atliq so'zler siyaqli seplik, ko'plik ha'm tartim afikslerin qabil ete aladi. Bul formalarda kelgende, ko'binese atawish so'zlerdi basqarip, ha'r tu'rli ken'eytilgen ag'zalardin' xizmetin atqaradi.

Misal:

Ol so'zin a'wele Erjan Serjanovtin' arzasin oqiwdan basladi.

Ha'reket ati feyilinin' bul qosimtalari orin seplik formasinda kelgende eki tu'rli o'zgeshelikke iye boladi.

1)Eger ha'reket ati atliq ma'nisinde kelip orin sepliginde qollanilsa, statikaliq ma'nige iye bolip, predmetlik ma'ni bildiredi.

Misal:

Arba aydawda, qaziw qaziwda onin' aldina bul a'tirag'an dawislari menen jan'lawda.

2)i' /i, w + da formali ha'reket ati ha'reketlik ma'nige iye bolip kelip, dawamli ha'zirgi ma'ha'ldi jasaydi. Bunday jag'dayda orin seplik formali ha'reket ati feyili bayanlawish fun'tsiyasin atqaradi.

Misal:

Awil arasi a'dettegidey siyirlardin' asig'ip mo'n'iregen, qoy-eshkilerdin' shabisip qaytip, ilaq-qozilardin' jamirag'an dawislari menen jan'lawda.

Bul qosimtalar ha'reket atinin' ha'reketlik ma'nisin joytip, pu'tkilley atliq so'zlerge o'tiw qubilisi tilde aktiv ushirasadi.

## Ha'reket ati feyilinin' ko'rkem shig'armalarda keliwi.

Ko'rkem shig'armalarda ha'm qosiqlarda ha'reket ati feyili ju'da' jiye ushirasadi. Tiykarinan ha'reket ati feyilleri ko'rkem shig'armalarda gezlesedi. Olar ha'r ta'replema, talapqa juwap bere alatug'i ha'm stillik jaqtan duris ha'm ko'rkem qollaniladi. Demek biz ko'rkem shig'armalardag'I ha'reket ati feyillerine misallardi qarastiramiz.

Misallar:

Zamannin' bar shalqip da'wran su'rmege

Suwman desen', tasqin bolip ag'ip o't

Jelmen desen', du'beley bol du'rlegen

Shoqpan desen', ju'reklerde jag'ip o't.

(I.Yusupov "Tasqin bolip ag'ip o't")

Demek bul qosiq qatarlarinda ha'reket ati feyiline misallar keltirilgen. Bul diqqatqa aling'an misallarda tiykarinan ha'reket ati feyilinin' -mege / -iw affiksleri menen jasalg'an so'zler berilgen. Olar bul ga'plerde qatnasip qosiqlardin' ma'nisin ja'ne de ayqinlastirip turipti. Bul qosiq qatarlari I.Yusupovtin' do'retpelerinen alindi. Demek bul shayir da o'z do'retpelerinde ha'reket ati feyilinen sheberlik penen paydalana alg'an dep ayta alamiz.

Bunnan basqa da misallarda qarastirip o'temiz.

Misallar:

Erten'ine olar Niyazimbettin' beldari esabinda qaziwg'a jollandi.

Jigitlerdin' ekewinin' de so'z tin'lawg'a qushtar ekenligin bilgen son', Jiyemurat so'zin u'dete tusti.

Iyunnin' shijg'irg'an issisi bolg'anliqtan jiynalis sovxoz ken'esinin' sirtindag'i qos gu'jimnin' astinda o'tkerildi.

Usinday izi sorawsiz bolatug'in adamlar o'lip tursa, basqalardin' ko'zlerinin' qorqpag'ina sebep boladi.

Sa’llesinin’ man’layina qolin tutip Murat shayiq barmag’in tisledi: quwanarliq xabarlari bolg’anda ju’risti pa’siytpes edi.

Kempir apamnin’ oni qanshelli jaqsi ko’rgenligin so’z jetkerip aytiw qiyin.

Barg’an jerinde alg’an qalalarina heshqanday ziyan tiydirmeytug’inlig’i, qayta puqaranin’ bu’linbesligine ja’rdem etkenlikleri esitiledi.

Ol apasin sabirsizliq penen ku’tip ju’retug’inlig’in jaqsi biletug’in edi.

Ha’zirshe, awil bolasan’ dep jurtti ma’jbu’rlewge de, birden dan’g’ara saliwg’a da awildin’ keshirmesi ko’termeydi.

Kimnin’ ne menen shug’iwlanatug’inlig’inin’, qanday maqsette ekenligin biliw ushin awilg’a sin’isiw kerek.

Awzinda so’z turmaytug’in adam bolsa, a’lbette, sir ashatug’inlig’i turg’an ga’p.

Ol kempir apamnin’ awzina kishkantay may qasiq penen shay quymaqshi bolip ha’reket etedi, biraq kempir apamnin’ oni qabil ete alarliq shamasi joq.

Bir ko’rgen bilis, eki ko’rgen tanis.

Bay aytayin degen so’zin ju’rip baratirip, jol-jo’nekey aytpaq edi.

Jiyemurattin' bul so'ylegendegi maqseti awilda awizbirshilikti saqlaw ha'm hu'rmet izzetti ko'termek edi.

Onin' menen alis-berisimiz jaqsi.

Tek bolg'ani ol o'zinin' usi oyin heshkimge sezdirgisi kelmey, buring'i ku'lkili keypi menen Sharapatti shig'arip saldi

Demek bul jerde keltirilgen misallarimiz da ha'reket ati feyilinin' formalarinan jasalg'an tu'rleri bolip tabiladi. Ha'reket ati feyilinin' ber qansha jasaliw formalari bar ekenligin joqarida aytip o'tken edik. Endi biz sol formalarg'a sa'ykes keletug'in misallardi jiynap taliqlap shiqpaqtamiz. Bul ha'reket ati feyilleri ko'rkem shig'armalarda ken' qollaniladi eken. Bul so'zler ko'rkem shig'armalardin' aytilajaq ma'nisin aship beriwge qatnasip otiradi ha'm u'lken paydasin keltirip otiradi. Ha'r qanday so'zdin' de tildegi ha'. Ko'rkem a'debiyattag'i orni o'z aldina bolip keledi. Sonday so'zlerdin' biri ha'reket ati feyili bolip tabiladi ha'm og'an ko'p g'ana misallardi ko'rkem shig'armalardan alip qarawimizg'a boladi. Bul jerde ko'rsetilgen misallarimiz da tiykarinan ko'rkem shig'armalardan jiynap aling'an. Bul ha'reket ati feyilleri ha'r ta'repleme shig'armada duris qollanilip kelgen. Ha'r qaysisi o'zine ta'n ha'reket ati feyilinin' formalari menen jasalip kelgen. Usi formalari menen de ha'reket ati feyilleri basqa feyillerden ajiralip turadi.

# Juwmaqlaw

Biz joqarida u'yrenip shiqqan temamiz ju'da' u'lken quramaliqlarg'a iye. Yag'niy tememiz ha'reket ati feyili ha'm olardin' ko'rkem shig'armalarda keliwi bolip tabiladi. Bizin' temamizda tiykarinan ha'reket ati feyilinin' ko'rkem shig'armalarda qollaniliw o'risi ha'm stillik jaqtan qollaniliwin u'yrenip shig'amiz. Bul feyiller basqa feyiller siyaqli misali, hal feyili ha'm kelbetlik feyili siyaqli feyiller ko'rkem shig'armada ken' qollanilmag'ani menen , o'zinin' o'zgeshelikleri jag'inan ayrilip turadi. Usi jag'inan alip qarag'animizda qisqasha juwmaqqa keletug'in bolsaq to'mendegishe juwmaqqa kelemiz.

Birinshiden: Biz bul u'yrenip atirg'an temamizda ko'p g'ana jan'aliqlar menen tanis bolip alamiz. Temamiz ha'reket ati feyilleri ha'm olardin' ko'rkem shig'armalarda qollaniliwi bolip, bul jumisimizda teren' ha'm shuqir u'yrenip shiqtiq. Demek ha'reket ati feyiller tilde ha'm a'debiyatta tutqan orni ayriqsha ha'm a'hmeyetli eken. Buni biz ko'rkem shig'armalardag'i misallarda qarastiriw arqali bilip aldiq.

Demek ko'rkem shig'armalarda ha'reket ati feyilinin' qollaniliwi ju'da' ken' ha'm a'hmeyetli eken.

Ekinshiden: Biz so'z etken bul ha'reket ati feyili ha'r tu'rli jag'daylardi da ko'rsetip o'tkenligin ko'rip o'ttik. Ha'reket ati feyilleri tek bolimli bolip kele bermeydi, al bolimsiz bolip keliw jag'daylari da ushirasip turadi. Buni biz joqaridag'i misallar arqali bilip aldiq. Demek ha'reket ati feyilleri tilde u'lken rol oynaydi. Al infinitive ha'reket ati feyilleri bolsa tiykarinan olarg'a onsha uqsamasa da olar a'debiy tilde ken' qollaniladi.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ha'reket ati feyilleri ken' izertlenip atirg'an so'zler qatarina kiredi. Bul so'zlerdi izertlew isleri menen B.Qutlimuratov shug'iwlang'an edi. Onin' bul ha'reket atlarinin' formalari boyinsha bir qansha miynetleri bar bolip tabiladi.

U'shinshiden: Bul temamiz ju'da' qiziqli bolip tabiladi. Olardin' ko'rkem shig'armalardag'i tu'rlerin izlestiriw waqtinda ko'p g'ana ha'reket ati feyillerinin' ha'r tu'rli jag'daylarda keliw halatlarin ko'rip shiqtiq. Bul bir jag'inan juwapkershilikti talap etse, ekinshi jag'inan bolsa, oy o'risimizdin' ken'iyiwine ha'm ha'reket ati feyili haqqinda toliq bilip aliwg'a iytermeleydi. Sol ushin da tememiz u'lken a'hmeyetke iye temalardan biri bolip esaplanadi.

## Paydalanilg'an a'debiyatlar dizimi.


1. Ja'ma'a't. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi. No'kis "Bilim" 1994

2. Nizanov M. Aqret uyqisi. No'kis "Qaraqalpaqstan" 2009

3. Yusupov I. Yosh. No'kis "Qaraqalpaqstan"1977

4. Yusupov I. Alasatli du'nya bul. No'kis "Qaraqalpaqstan" 1987